

Meera Joshi  
Manm Komisyon/Prezidan

Allan J. Fromberg  
Afè Piblik  
frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger  
Afè Piblik  
harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street  
22nd Floor  
New York, NY 10004

**Avi: Nou Etablie Dat pou Peman Frè Siplemanè pou Amelyorasyon Taksi ak Lòt Machin Koulè ki pran Moun nan Lari yo (Taxi and Street Hail Livery,SHL)**

Kounye a w ap jwenn montan Frè Siplemanè pou Amelyorasyon ou dwe pou katriyèm trimès ane 2018 la nan sistèm Aplikasyon pou Lisans, Renouvèlman ak Sitasyon (License Applications, Renewals & Summons system, LARS) TLC a. Montan Frè Siplemanè Amelyorasyon ou dwe a se kous ou te fè ant 1ye oktòb ak 30 desanm 2018.

Pou gade ak peye sa ou dwe, tanpri ale sou LARS nan <https://www1.nyc.gov/lars>.

Men delè pou peye Frè Siplemanè Amelyorasyon pou katriyèm trimès la:

- **21 fevriye 2019** - Peryòd Kontestasyon an kòmanse Pwopriyetè ak Ajan yo dwe poze tout kesyon ak depoze tout kontestasyon bay:

Pou pwoblèm ki gen pou wè ak Fon Amelyorasyon Taksi:  
[tifcollections@tlc.nyc.gov](mailto:tifcollections@tlc.nyc.gov)

Pou pwoblèm ki gen pou wè ak Fon Amelyorasyon Taksi ki Pran Moun nan Lari yo:  
[shlifcollections@tlc.nyc.gov](mailto:shlifcollections@tlc.nyc.gov)

- **13 mas 2019** - Peryòd Kontestasyon an fini. Montan yo finalize.
- **20 mas 2019** – Lè pou peye tout lajan an bay TLC nan <https://www1.nyc.gov/lars/>.

Si ou pa peye tout lajan an ou ka gen amann pou peye epi/oswa yo ka menm pran lisans ou.